

Nou reyimajine aprantisaj

29 out 2023

Chè Kominote University of Maryland,

Se yon plezi pou nou wè gen anpil aktivite sou kanpous nou an ankò pandan n ap kòmanse yon nouvo semès. Pwofesè ak anplwaye nou yo travay di pou prepare pou etidyan nou yo k ap retounen—tou pare pou kòmanse yon ane ki plen nouvo lide, nouvo defi ak nouvo opòtinite. Etidyan, pwofesè ak anplwaye ki la premye fwa yo, nou akeyi nou avèk anpil antouzyas nan fanmi Terapen nou an. Pou manm kominote a ki retounen: Mwen sèten nou tout pral kontinye montre mond lan kijan Tèp yo pouswiv ekselans ak enpak pou byen piblik la san rete.

Ansanm, nou avanse angajman nou pataje pou fè inivèsite nou an vanse [Anavan san Krent](#), epi nou gen anpil bagay pou nou atann nan sezon otòn sa a nan chèche pou nou [reyimajine aprantisaj ak ansèyman](#) nan salklas ak nan kominote nou yo.

Ansèyman ak aprantisaj inovatè ak enklizif se mòd Terapen lan.

Pwofesè ak anplwaye nou yo kontinye montre angajman fèm yo genyen pou ankouraje kreyativite ni nan anviwònman salklas tradisyonèl ni nan sa a ki pa tradisyonèl yo, epi sitou pou eksplòre kijan dènye avanse nan entèlijans atifisyèl yo ka jwe yon wòl. **Sant Transfòmasyon Ansèyman ak Aprantisaj** ap òganize yon seri semèn semès sa a pou pwofesè ak anplwaye sou fason pou yo entegre entèlijans atifisyèl nan aktivite ansèyman ak aprantisaj yo. Epitou nou pral lanse yon lòt apèl pou pwopozisyon pou Sibvansyon pou Inovasyon Ansèyman ak Aprantisaj pa nou yo—ane sa a k ap motive pwofesè yo pou devlope **pwojè edikasyon inovatè** ki konsantre sou entèseksyon edikasyon ak teknoloji.

Nou kontinye envesti nan modènize anviwònman aprantisaj nou yo pou ofri plis opòtinite pou pwofesè ak etidyan yo pou yon aprantisaj ki aktif epi ki angaje. Nou pral akeyi etidyan ak pwofesè nan plis pase 25 espas aprantisaj modènize ane sa a, ki gen ladan twa sal konferans, twa nouvo salklas, twa nouvo salklas TERP ak **yon nouvo espas aprantisaj anplennè**

Aprantisaj atravè eksperyans ranfòse eksperyans elèv la.

Eksperyans etidyan premye sik yo konsantre tradisyonèlman sou aprantisaj nan salklas. Sepandan, isit la nan Maryland, nou rekonèt enpòtans eksperyans ki mennen etidyan nou yo nan kominote yo, epi ba yo opòtinite anrichisan pou eksplòre pasyon yo atravè pwojè ak rechèch pratik. Mwen kontan pou m di nou pral fè nouvo envestisman pou ogmante patisipasyon etidyan premye sik yo nan rechèch—gen plis bagay k ap vini pita nan sezon otòn sa a.

Semès sa a, nou pral lanse fòmèlman yon nouvo pwogram akote kourikoulòm nan ki soti nan IDEA Factory. XFoundry@UMD a pral konbine aprantisaj nan salklas sou antreprenarya ak lidèchip ak yon konpetisyon nan tout kanpous la ki gen entansyon

finanse, ankadre epi lanse inisyativ etidyan yo antreprann ki pral rezoud kèk nan gwo defi nan epòk nou an.

Anplis de sa a, yon nouvo [branch Maryland](#) nan UMD Fellows Program akeyi yon premye promosyon ki pral patisipe nan eksperyans nan salklas ak eksperyans pwofesyonèl ki bay yon lide sou politik lokal ak politik leta ak pratik yo.

Kolaborasyon atravè disiplin ap prepare lidè pou lavni yo.

Se kolaborasyon atravè anpil disiplin ki pwodui lide ak metòd inovatè ekstrawòdinè — tankou [pwogram Grand Challenges Grants](#) 30 milyon dola nou an. Benefisyè sibvansyon yo pral fè pwojè entèdisiplinè pa yo plis avanse nan sezon otòn sa a pandan y ap kontinye ranfòse kolaborasyon ak kominote lokal yo; devlope patenarya ak òganizasyon rejyonal, nasyonal ak entènasyonal; fè kontak ak reprezantan gouvènman yo; epi angaje etidyan nan tout kanpous la nan travay yo. Soti nan alfabetizasyon rive nan chanjman klima, aksè dijital rive nan sante mondyal, jistis sosyal rive nan enèji renouvlab, Tèp yo ap abòde pwoblèm ijan ki genyen jodi a, epi nou kontan wè pwojè yo pwogrese nan mwa k ap vini yo.

Kèk nan pwogram akademik miltidisciplinè premye sik ki plis nouvo nou yo tankou Konsepsyon Medya Entèaktif, Filozofi, Politik, ak Ekonomi; newosyans; ak Syans Done Sosyal yo ap devlope byen vit epi enskripsyon yo kontinye ap ogmante. Enterè etidyan yo nan pwogram sa yo se yon temwayaj sou enpòtans ki genyen pou prepare etidyan yo pou lavi lè yo fini nan inivèsite nou an kote yo pral bezwen atake pi gwo defi mond nou an sou plizyè aspè.

Divèsite se poto mitan yon anviwònman aprantisaj ki ekselan epi ki enklizif.

Desizyon Tribinal Siprèm nan pandan sezon ete sa a sou wòl ras nan admisyon pral inevitableman gen repèkisyon sou tout aspè edikasyon siperyè a. Sepandan, jan nou te di sa a: **valè edikatif divèsite kanpous la se yon bagay nou pa pral sakrifye.** Nou pral miltipliye efò rekritman nou yo ki konsantre sou sa a Maryland ofri etidyan li yo, epi n ap rete yon lidè nasyonal nan ankouraje epi sipòte etidyan ki soti tout kote pandan y ap aplike, enskri, epi gradye nan University of Maryland.

N ap chèche aktivman kreye yon espas travay enklizif kote anplwaye yo pwogrese atravè nouvo opòtinite pou aprann, dirije epi pran pwomosyon, epi yo rann yo omaj pou talan ak kontribisyon yo. Nan kad efò sa a, yo lanse yon nouvo pwogram rekonpans pou anplwaye pita nan sezon otòn sa a pou rann omaj ak anplwaye ki fè inivèsite nou vanse San Krent Annavan ak lide orijinal ak sèvis eksepsyonèl yo.

Travay nou se yon angajman pataje.

Mwen eksprime rekonesans sensè mwen bay chak manm nan kominote nou an ki te kontribye nan reyalizasyon sa yo, epi mwen ankouraje nou chak pou nou kontinye jwenn nouvo fason kreyatif pou nou reyimajine fason moun aprann isit la nan Maryland.

Ansanm, nou ka kreye yon inivèsite ki inovatè, ki djanm, ki atansyone epi ki angaje nan vizyon sèvis pou limanite nou an.

Mwen swete w yon semès fantastik—epi san krent—pou sezon otòn sa a.

Sensèman,

A handwritten signature in black ink, reading "Jennifer King Rice". The signature is fluid and cursive, with the first name "Jennifer" written in a large, flowing script, followed by "King" and "Rice" in a slightly more compact but still cursive style.

Jennifer King Rice

Vis Prezidan Prensipal ak Rektè

Pwonon Feminen